दिन—मंगलवार दिनांक—24.03.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:35 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि जे पश्चिम एशिया मे जारी संघर्षक कारणे दुनिया भरि मे पैघ ऊर्जा संकट उत्पन्न भऽ गेल अछि। ओ कहलनि जे हालात चुनौतीपूर्ण अछि लेकिन भारत कुटनीतिक प्रयास सभक जरिए समाधानक दिशा मे काज कऽ रहल अछि। श्री मोदी राज्य सभा मे आइ पश्चिम एशिया मे जारी संकट पर अपन वक्तव्य दैत कहलनि जे भारत पश्चिम एशियाक प्रमुख देश सभक संग लगातार संपर्क मे अछि।

---

प्रधानमंत्री कहलनि जे खाड़ी देश सभ मे रहि रहल भारतीय सभक सुरक्षा सरकारक प्राथमिकता अछि। श्री मोदी कहलनि जे अखुनका संकटक दरमियान अखन धरि पौने चारि लाख सँ अधिक भारतीय सुरक्षित वापस अयलाह अछि। श्री मोदी कहलनि जे अखुनका समय मे कतेको देश सँ तेल आओर एलपीजी सँ भरल जहाज भारत पहुंचल अछि आओर सरकार आगु ई सुनिश्चित करत जे देशक जरूरत सँ जुड़ल सभ आवश्यक वस्तु सभ सुरक्षित ढंग सँ भारत पहुंचैत रहय। प्रधानमंत्री सभ राज्य सरकार सँ अपील कयलनि अछि जे जमाखोरी आओर कालाबाजारी करयवला के खिलाफ सख्त कार्रवाई कयल जाय।

---

केन्द्रीय कृषि मंत्री शिवराज सिंह चौहान कहलनि जे केन्द्र सरकारक निरंतर प्रयास सभक कारणे देश मे किसान सभक आय मे उल्लेखनीय वृद्धि भेल अछि। श्री चौहान लोकसभा मे आइ एहि संबंध मे जानकारी दैत कहलनि जे किसान सभक आय नहि केवल दुगूना भेल अछि, बल्कि कतेको मामिला मे तीगुना सँ आठ गुना धरि बढ़ल अछि। कृषि मंत्री कहलनि कृषि बजट उन्नैस हजार तीन सय करोड़ टाका छल जे आब बढ़ि कऽ एक लाख तीस हजार टाका सँ बेसी भऽ गेल अछि।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार समृद्धि यात्राक तहत आइ कैमूर जिला मे सैंतीस करोड़ टाकाक लागति बला तैंतालीस योजना सभक शिलान्यास कयलनि। संगहि, ओ एक सय बासठि करोड़ टाकाक लागति सँ एक सय एकसठि योजना सभक उद्‌घाटन कयलनि। एहि यात्राक अंतर्गत ओ आइ रोहतास मे सेहो लगभग चारि सय अस्सी करोड़ टाकाक लागति बला विभिन्न योजना सभक उद्‌घाटन आओर शिलान्यास कयलनि। मुख्यमंत्री संवाद कार्यक्रम कैं संबोधित करैत कहलनि जे प्रदेश मे अगिला पांच वर्ष मे युवा लोकनिकैं सरकारी नौकरी मे आओर वृद्धि होयत।

———————————————————————

उपमुख्यमंत्री सह गृह मंत्री सम्राट चौधरी कहलनि जे प्रदेश मे अपराध पर नियंत्रणक लेल सरकार गंभीरता सँ काज कऽ रहल अछि। श्री चौधरी कैमूर मे समृद्धि यात्राक दौरान जनसंवाद कार्यक्रम के संबोधित करैत कहलनि जे खुंखार आतंकवादी सभक लेल उच्च सुरक्षावला जेलक निर्माण कयल जायत।

———————————————————————

सर्वोच्च न्यायालय कहलनि जे मात्र हिंदू, सिख वा बौद्ध धर्मक अनुयायी अनुसूचित जातिक दर्जा पयबाक पात्र छथि। न्यायालय स्पष्ट कयलक अछि जे कोनो अन्य धर्म जेनाकि ईसाई धर्म मे धर्मांतरण करबा सँ अनुसूचित जातिक दर्जा तुरंत आओर पूरा तरहे समाप्त भऽ जाइत अछि। आंध्र प्रदेश उच्च न्यायालयक एक आदेश कैं जारी रखैत सर्वोच्च न्यायालय ई फैसला सुनैलक अछि।

———————————————————————

प्रदेशक विभिन्न भाग सभ मे लोक आस्थाक महापर्व चैती छठि आस्था आओर उल्लासक संग मनाओल जा रहल अछि। व्रती लोकनि आइ अस्ताचलगामी सूर्य के अर्घ्य अर्पित कयलनि। पर्वक अंतिम दिन काल्हि उदीयमान सूर्य के अर्घ्य अर्पित करबाक संगहि महापर्वक समापन होयत। एम्हर अर्घ्य देबाक लेल घाट सभ पर श्रद्धालु सभक उपस्थिति अधिक अछि। पूरा वातावरण छठि गीत सँ गुंजयमान अछि। घाट सभ पर नागरिक लोकनिक सुविधा आओर सुरक्षा–व्यवस्थाक व्यापक प्रबंध कयल गेल अछि।

———————————————————————

आकाशवाणी दरभंगा दिस सँ आकाशवाणीक नब्बेअम वर्षगांठक अवसरि पर दरभंगा ललित नारायाण मिथिला विश्वविद्यालयक हिंदी विभाग मे भाषण प्रतियोगिताक आयोजन कयल गेल। विभागाध्यक्ष प्रोफेसर उमेश कुमार आकाशवाणीक दरभंगाक कार्यक्रम प्रमुख असद दाउद, कार्यक्रम अधिशासी विनित कुमार ठाकुर विजयी प्रतिभागी लोकनि के पुरस्कृत कयलनि।

——————————————————————————

विश्व टीबी दिवसक अवसर पर आइ सहरसा मे जागरूकता रैली निकालल गेल। जिलाधिकारी दीपेश कुमार रैली के हरियर झंडा देखा कऽ रवाना कयलनि।

——————————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार एक बेर फेर जदयूक राष्ट्रीय अध्यक्ष निर्वाचित भेलथि।

——————————————————————————

समाप्त